

**Kanpay pou bati kay ki pi solid
Ann kòmanse jodi a menm**



**BON
KALITE
SOVE LAVI**



**Mairie de Port-au-Prince
Mairie de Delmas
Mairie de Léogane**




Copyright © 2012. All rights reserved.

**BON KALITE
SOVE LAVI
ANN KOMANSE jodi A MENM !**



Solèy la tap pare pou louvri je l, men fanmi bòs Lenord te deja sou de (2) pye militè yo. Pandan tan sa a, yon sant kafe douvanjou tap flannen nan tout vwazinaj la pote ale tounen bonjan lodè. Aktivite jounen an pou tout moun te deja kòmanse.

Madi 12 janvye 2010, 5: 23 am.



**Sinopsis: Guillaume Joachin
Senaryo : Jud-Alix Francois / Jacques Innocent
Desen : Jud-Alix Francois / AYITIKOMIK**

Bòs Lenord se papa 5 pitit, 3 fi 2 gason,
Li se fòmàn mason depi kèk lanne.




Se ak metye sa a,
li viv, li edel batì kay,
voye timoun lekòl...

Bay madanm li komès,
bay ponya epi fè jaden
nan peyi l.

Li gen randevou
a óh sou santye
men fòk li
pase depoze
dènye ti fi l la lekòl,
nan yon blòk
ki pa twò lwen
ak travay li.
(SANTYE)



6 zè tapan, Bòs Lenord parèt sou santye a. Mannèv, bòs, apranti, mèt santye melanje ak lòt djòbè tout souplas. Y ap prepare materyo pou demare jounen travay la.



Yo ap pase sab, leve blòk, bwote dlo, siman elatriye. Tout sa ki enpòtan pou reyalize jounen an disponib. Mèt travay la sou santye a kòm sipèvizè, ansanm ak bòs lenord ap obsève epi bay konsiy.



Mòtye kòmanse bwase.



Mesye ! gen kèk jou depi m ap swiv nou ok,
nou mete twòp siman nan mòtye a.
Sab la se yon sab gra, li pa bezwen tout sa.
Siman vann chè mwen pa p ka sitire

nou
gaspiye l
konsa.



Bòs Lenord eseye fè l konprann kalite materyo yo ka sove lavi. Mèt santye a fè bòs la konnen li rete 5 sak siman pou tout rès travay la e li pa konte achte ankò.



Pandan tan sa, on grenn blòk kraze nan men manèv la pandan la pote yo.



Blòk sa yo pa bon menm,
yo kraze
tankou se bonbon lanmidon

Gade! se pa vòlè m ap vòlè
tande. Si w paka travay
ou mèt leve al fè
wout ou.

Pouki sa n pa tounen
nan peyi nou !?
Nou konn pòtoprens
se kalewès

Mwen pa nwi patwon, pou m
tounen nan peyi m.
Dayè se la kòd lonbrit mwen plante.
Mwen pa vin ni mande,
ni vòlò nan pòtoprens
se nan kouray mwen mwen kwè
se move lavi ki mennen m isit

Degradasyon
anviwonman an,
ajoute sou sa,
pasaj plizyè siklòn,
ki ravaje jaden yo.
Pwoblèm lekòl,
enfrakstrikti de baz
ki manke.

...Move kondisyon lavi elatriye kifè mwen ak anpil lòt peyizan vin chwe nan kapital la. Fòk peyi desantralize, pou peyizan an jwenn sèvis de baz yo nan zòn kote kòd lonbrik li mare ya. San li pa bezwen vin pase mizè nan pòtoprens, nan viv pil sou pil e nan move kondisyon.



Se sa ki lakòz bidonvil pouse kou djondjon nan kapital la. Nan bati nenpòt ki kote.



Kite kantik pran priyè . Blòk yo pa bon vre non !

Se pa premye fwa map sèvi avèk yo. Kay mwen toujou byen solid.



Jounen travay la ap kontinye kòm sa dwa.



2:30 Pitit fi Bòs Lenord a vin jwenn li sou santye a, kòm dabitid depi lè papa l ap travay tou prè lekòl li a



Yo toujou pase ti tan ansanm, avan yo rantre lakay
vè 4 h. Bòs lenord bal yon ti monnen pou l achte
2 sachè dlo pou l bwè, paske li te swaf.



Li chita lap tann papa a epi l ap obsève
tou travay Bòs yo sou santye a.

Li te 4: 30 lè Bòs lenord aprè jounen travay la deside rantre lakay li. Li pase konsiy ak mèt santye a pou l fè rouze poto yo.




Li pran chimen l lap retounen lakay li ansanm ak ti pitit fi li Solange.



4:53 pm

Tè a komanse tranble, pèsòn pa konprann sa kap pase la.



Moun ap kouri nan tout sans, anpil lòt ap rele Jezi,
gen lòt ki di se la fen dimonn.
Pousyè toupatou, kontra latè sanble rive nan bout li
tout bon vre.



Bòs Lenord kenbe men pitit fi li a byen di,
epi l ap kouri al gade kòman rès fanmi an ye.



Lè l rive li jwenn kay li a plat atè,
Yo di l tout moun yo mouri anba kay la.

Jou sa plis pase
200. 000 moun
mouri
Ladan yo mèt
santye ak 10 ouvrye
Kote Bòs Lennord
t ap travay la.



Jou sa soufrans bòs lenord pat gen non.
Nan 30 segond li pèdi tout sa li te konstwi pandan
tout yon vi. Fanmi li ak tout sa l te posede.
Goudougoudou a sekwe l jik anndan nanm li.



6 mwa aprè



Bòs Lenord kouche sou yon
vye kabann anba yon tant.



Sou vizay li, ou ta di se
Jodi a tranblemanntè a
te pase.

Deyò a lavi ta vle reprann wout li, malgre pwoblèm yo rete antye. Timoun ap jwe, machann ap pwomennen pasipala. Gen sak chita ap obsève, gen sa k ap ri pou kache mizè.



Ayisyen se wozo yo ka pliye men yo pap janm kase, yo ka tonbe ya rekanpe doubout, pi djanm ankò.



Men pou Bòs Lennord anyen pap janm menm jan an.



Pou li pa gen moun ki ka makiye reyalyite sa .



Papa!



Gen yon mesye, kap mande
pou ou. Li ke se enpotan.
Li rele Alfred.



Mwen pa sou pale
ak pèsonn
Solange.
Di l mwen pa la.



Papa m pa la non !
L ap vin pita, ou kapab kite
komisyon pou li sivouplè?



Ok di l pou mwen
li enpotantan pou l
ta al nan meri a
demen si Bondyeve
vè 9 h nan maten.

Se yon
fòmasyon MTPTC
ap bay ansanm ak patnè l
PNUD nan kad pwojè
CARMEN nan.
Kote yap fè yon
gwo woumble sou fason
pou moun bati pi byen.

...Gwo woumble sou fason
pou moun bati, pi byen.



Pètèt fòk mwen fè yon
kout pye, al gade kan mèm.
Pwobèm sa konsène m.

Li enpòtan anpil pou nou respekte epi aplike
tout sa yo ban nou kòm konsèy lè nap bati.
Jan nou konstwi yo gen gwo konsekans sou anviwonman an.



Nan demen maten

Mezanmi aprè tout sa ki fin pase nan peyi a, nou paka kontinye ap bati jan nou vle, kote nou vle san nou pa gen otorizasyon, epi san nou pa pran moun, ki gen eksperyans ak kapasite pou konstwi pou nou.



Tankou
lè n ap fè blòk.
Gen bon jan fason
pou nou fè !!

Espesyalis nan konstriksyon yo di,
fòk nou mete materyo solid
ki ka bay blòk la
rezistans lè l fin fèt .

Pou blòk la solid, fòk nou
byen fè melanj lan.
Yon bokit siman
ak 7 bokit sab lave,
epi nou brase siman an
ak sab la ak yon demi bokit
dlo pwòp.



1 bokit siman

**1/2 bokit
dlo pwòp**



7 bokit sab lave

Sa w ap di konsa mesye? Dlo pwòp o o !?



Wi! se pa ak vye dlo
nou pa bezwen pou nou
fè travay yo.
Pou m kontinye,
map di nou, lè nou fenk
fin fè blòk la, nou paka sèvi
avèk li menm kote a.
Fòk nou byen
kouvri yo
pandan yon(1) jou.



Kouvri yo





Pou blòk la byen solid, fòk nou wouze yo pandan 7 jou epi janm sot di a toujou kouvri yo.

Fòk mwen di nou tou, aprè nou fin kouvri blòk la, pandan 1 jou epi wouzel pandan 7 jou ki bay yon total de 8 jou.

Pa kite yo pran solèy. Mete blòk yo, yon kote ki gen lonbray pandan 10 jou.

Si nap byen kalkile nap di Fòk nou tann 18 jou anvan nou sèvi ak blòk yo, lè nou fin fè yo. Paske bon kalite sove lavi.



WOUZE
pandan 7 jou
blòk yo

Mete yo nan lonbray
pandan 10 jou





Gen tèss pou nou fè sou blòk la pou n sèten ke yo solid.

Non

wi



Eben mesye, jan w pale la,
pakèt kay ki te kraze 12 janvye
nan tranblemanntè a,
pi fò nan yo se move materyo
yo te itilize ki lakòz yo te kraze ?



Wi sa ladann tou !
men se pa move materyo sèlman.
Nan konstriksyon,
gen yon bann prensip pou n respekte.



Si non kèlkeswa jan w fè kay la,
kèlkeswa materyo ou ka itilize,
lap tonbe.




Mesye, avan 12 janvye
mwen te gen 2 pye m,
men la vi a
pat janm fasil
pou mwen .





Kounya de pye m
paralize donk
sityasyon m agrave.
Ki plan nou genyen nan nouvèl
fason moun pral bati
kay kounye a pou
moun andikape yo?



Wi se
yon bèl kesyon.
Nou konsyan ke aprè 12
janvye
vin gen pi plis moun
andikape toujou.



Fòk nou kite espas pou pòt la ka ouvè byen



Aprè fòmasyon an

Monchè mwen byen kontan
w vin patisipe
nan fòmasyon sa.

M aprann anpil bagay.
Fòmasyon an pral
sèvi manpil.

Patisipan yo ap pran wout pou ale lakay yo, anpil ap fè
kòmantè sou jounen fòmasyon sa.



Pou Bòs lenord fòmasyon
Jodi a remete l an konfyans.

Epi fèl wè anviwonman
kote l ap viv la yon lòt jan.





Nan anpresman
pou chak moun
gen kay pa yo...

Nou fin
kraze figi peyi a
nan fè ti kay pil sou pil.

Nou bati nenpòt jan, nou bati kote n vle, kote n jwenn .



Li konprann kounye a,
fason nou konstwi a
reprézante gwo malè pandye
sou pwòp tèt nou.

Bòs lenord kwè fòk gen gwo travay
ki fèt nan mitan popilasyon an...



Pou rive konsyantize tout moun
sou mòd konstriksyon yo.



Li lè pou nou pran konsyans
pou n deside ansanm
ak aktè ki sou teren yo
ak otorite lokal yo,
sou demen nou.

Fòk bòs resikle, fòk mèt kay
pran konsyans ke bati
san kondisyon se gwo danje.
Ann komanse jodia menm.

Bòs lenord avan l rantre lakay li, toujou pase kot yon pratik li, ki rele madan Valnè, Se nan men l chak aprè midi li achte manje, pou li ak solange.

Madan Valnè
kòman w ye.
e jounen an ?

Nou pa pi mal non,
Bòs Lenord,
e demwazèl la?

L ap fè jefò
wi.

Ok, pran yon ti chèz,
fè yon ti chita.
M ap pare pou ou.



Bos Lenord! M pa kwaze w menm padan jou sa yo.
W ap bwase lari a?



Mwen tap patisipe nan yon seminè lameri, MTPTC ak pwogram Nasyonzini pou Devlopman nan kad yon pwojè ki rele CARMEN. Sou pi bon fason pou moun rekonstwi kay yo.. Mwen aprann anpil bagay, mwen gen pou m mete men nan ti kay mwen an. Demen maten si Dye vle mwen pral lameri pou yo vin evalye teren an pou mwen.



Ki bagay meri ak MTPTC w ap di la bòs lenord? sa vle di, y ap ba w kòb pou fè ti kay la?

Non se pa sa! Otorite yo la pou kontwòle fason nap konstwi, kote nap konstwi. Yo ede nou fè etid teren an, epi bay otorizasyon pou konstwi.



Bon se bèl bagay.
Sa montre ke leta
vle pran responsablite l
tout bon pou l
pwoteje popilasyon an.

Wi Madan Valnè,
konsèy ak sipèvizyon
meri a enpòtan!
Pou n evite bati nan ravin
ak bò ravin.

Pou nou evite konstwi sou fatra
ranblè, ak kote tè a
kapab deboulonnen.
Tout sa yo se malè pandye .



Mwen menm !
Sa m wè 12 janvyè sa...
Pa gen anyen ki pou
fè m rete anba
beton.



Non, se pa beton an ki danje
se fason nou bati a ki danje.
Pa ekzanp :
Lè n ap prepare beton,
fòk melanj lan byen fèt

Toujou mete yon bokit siman,
2 bokit sab pwòp epi
sèk. Mete 4 bokit gravye
 $\frac{3}{4}$ epi demi bokit dlo pwòp
. Aprè bwase l.



2 Sab pwòp sèk



1 Siman



4 Gravye $\frac{3}{4}$



$\frac{1}{2}$ Dlo pwòp

Anvan nou bwase beton an,
fason n ap fè melanj lan enpòtan.



Fòk nou fè yon pil ak sab rivyè lave ak siman san dlo anvan.
Pou nou asire n melanj lan byen fèt, nou dwe bwase yo 2 fwa san dlo.
Se aprè nou fin byen melanje tout materyo yo
ansanm pou nou vide dlo pou bwase mòtye a.

Melanj san dlo

Fè yon pil
ak sab rivyè lave
e siman
San dlo



Melanje 2 fwa
san dlo



Melanje ak dlo





Bòs Lenord reprann wout li.
Li pa wè kilè pou l rantre.
Pou l al jwenn Solange.
Sèl grenn pitit la li rete.

Dabitib, lè li deyò
Se kòmè Leya ki voye je pou li
sou solange.



Ou konen Bòs Lenord,
N ap degaje nou.
Sa w vle n fè ?

Kòmè leya,
kòman ou ye ?
e jounen an ?

Bòs lenord rive
san pran souf
li deside fè yon ti pale
ak pitit fi li a.



Solange kòman w ye pitit fim?
ki jan jounen an pase ?

Wi papa ! Mwen degaje m.
men semèn sa ou
pa chita menm papa.



Wi cheri, li te nesesè pou m te pran bonjan enfòmasyon sou fason moun bati kay.

MTPTC, lameri ak Program Nasyonzini pou Devlopman te ba nou bon jan bèt sou fason pou n konstwi. Jodi a menm mwen decide kòmanse.



Ou decide kòmanse kisa, papa ?



Mwen te bezwen pale avè w, men mwen tap tann okazyon sa pou m te fè sa.
Ou konnen map refè ti kay la nan jou kap vini la yo ?




Jan nap viv la se vre li pa bon. Men ou konnen nou paka al rete anba beton tou ?
Evite miyò pase mande padon. Daprè jan mwen tande yo pale lan lekòl la ak nan radyo. Peyi a gen pou l sekwe toujou nenpòt kilè. Yo di fòk nou abitye a sa. Si n al met beton sou kay ankò, fwa sa, se mwen avè w kap mouri.




Nan demen maten Bos lenord
pran wout pou li al nan meri a.
li pral mande yon evalyasyon
sou ti teren, li pral bati a.





Nan tèt li anpil bagay ap pase. Lè l ap gade dega
kifèt nan peyi a, aprè 12 janvyè a,
li rann li kont ke antan ke fòmàn mason
li responsab nan sak fèt la.

Li peye chè pou sa tou.
Paske li te batì kay pou yon alemyò
ak fanmi l epi se menm kay sa ki brize rèv li.



Jodi a li gen yon misyon,
li vle patisipe nan yon lòt Ayiti,
pi bon pi solid pou tou pitit tè a.

Toupatou kote l pase
ki gen konstriksyon,
devwa l se pou l pale,
pataje enfòmasyon.



Menm lè souvan bès parèy li yo
pa apresye l ap fourè bouch nan koze yo.

Eskize m wi bès, mouye blòk
yo avan ou poze yo. Fòn pa neglije sa,
bon kalite sove lavi
Se Jodi a menm pou n kòmanse.
Nan bati yon lòt fason.



Se anyen ou pa gen pou fè
ak dyòl ou ?
ou ka montre m metye sa ?



Non frè m, nou se yon may nan yon menm chenn.

ou ka tandè m si m ap pale avè w.
Mwen pa vin pran djòb ou, ni montre m pi fò pase w.



Ou pa tap kapab tou gason mwen.



Adye!!!
Kote m sòti a mwen pa pote kanson m pou bèl twèl.



Dyefèt ! M bezwen 2 ti moso planch.
M ap koule poto yo avan m fin monte blòk yo.



Non bòs, sa w ap fè konsa ?
Yo pa koule poto avan ou monte mi
Epi fòk ou toujou monte mi yo an zo pwason avan ou koule poto yo.
Pou beton an ka byen pran nan dan blòk yo





Ou ranse
twòp la.
Mwen pra l fè w
konn jòj!



Misye manche yon pèl



Fout deplase
sou santye m nan
Rapid!

Moun kòmanse ap
ransanble.
Granmoun
kou timoun.



Se sa yo tap tann nan, yo pral wè lòbèy.
Men se moman sa yon apranti
vin pran defans bòs lenord.



Bòs la, moun pa janm fin konnen,
tout sa mesye a di la se pou byen tout moun.
Se propriyete yo, ki pou konnen
si y ap bay plis materyo,
pou kay yo a ka pi solid.

wi se vre, fòk mèt santye yo
pran konsyans,
pou yo bay bòs yo bon kalite
materyo pou yo sèvi.



ou menm ti apranti,
ou deja revoke,
ou soumoun twòp.



Bòs Jozafa ou paka revoke l.





Mwen menm ! devan Bondye
tout sa pou m te konnen
mwen konnen yo deja
Afè moun ap vin radada...
sa pa mele m .




Madanm !
pandan w ap pale a,
nou bezwen
yon ba fè la wi
pou n mare yon
dezyèm foto ?

M ap voye pran l,
men se fè ki te nan kay
mwen an ki kraze 12
janvye a. Ou panse yo
ka sèvi toujou ?







Fè vit !
l ap bon
m ap drese l.


Madam !
toujou met sa nan tèt ou :
Bon kalite sove lavi.



AMATI KONEKSYON









Ann repete ansanm avè m !

BON KALITE SOVE LAVI !!!



Mezanmi chache konnen toujou bon.

Aprè fòmasyon sa, mwen disponib pou tout moun ki ta bezwen konsèy mwen.

Paske sa ki pi enpòtan se sove lavi. Map rive nan meri a la mwen pral depoze kèk dosye, pou m ka jwenn pèmi pou m ka bati ti kay mwen an.



Male !

Fien



Centres d'Appui pour le Renforcement de Maisons Endommagées

Projet de



MTPTC



Haïti

En partenariat avec

Digicel



miyamoto. EARTHQUAKE + STRUCTURAL ENGINEERS

UMCOR
United Methodist Committee On Relief

**HANDICAP
INTERNATIONAL**

World Vision



T *Transversal*

ECO-2000

BON KALITE SOVE LAVI

Kanpay pou bati kay ki pi solid
Ann kòmanse jodi a menm



MTPTC

**Mairie de
Port-au-Prince**

**Mairie de
Delmas**

**Mairie de
Léogane**

**HANDICAP
INTERNATIONAL**

Dokiman sa reyalize ak sipò PNUD

Pwogram Nasyonzini pou devlopman (PNUD) se yon ajans nasyonzini ki la pou ede peyi ki sou wout devlopman, yo, bay konsèy epi plede kòz peyi sa yo nan chèche don. PNUD ap lite pou redui lamizè pandan lap ranfòse kapasite fanm ak gason nan lemonn. PNUD egziste nan 177 peyi ak teritwa e lap travay pou ede gouvènman yo idantifye pwòp solisyon ak pwoblèm yo nan zafè devlopman.

Men nan ki nimewo nou ka jwenn CARMEN :

CARMEN: Centre d'Appui pour la Réparation des Maisons Endommagées

Kafou fèy.....	46 43 13 93
Kanapevè.....	36 43 22 55
Fò nasyonal.....	46 43 18 68
Dèlma 75.....	46 43 17 72
Leyogàn.....	46 43 16 88